

APRE DEZAS LA

Fè rapò sou nenpòt domaj bay ajan w lan oswa konpayi asirans ou a imedyatman. Si w pa ka kontakte ajan w lan oswa konpayi asirans ou a, rele Depatman sèvis finansye (DFS) pou asistans Nan 1-877-MY-FL-CFO oswa (850) 413-3089.

Fè reparasyon ann ijans yo epi asire w dokimante yo. Asire w konsève tout fich yo epi fè foto domaj yo anvan epi apre nenpòt travay reparasyon.

Pran prekosyon si domaj la egzije w kite lakay ou. Sekirize pwopriyete a epi fèmen gaz la ak kouran an. Kontakte ajan asirans ou a epi bay li yon nimewo telefòn kote l ka jwenn ou.

Evite antrepriz reparasyon ki malonèt. Anboche bès ki gen pèmi, ki gen yon bon repitasyon, epi ki se moun zòn nan si posib, epi mefye nenpòt antreprenè oswa evalyatè ki di yo ka ajiste reklamasyon asirans ou a. Ou ka verifye pèmi antreprenè a epi gade pou wè si gen kèk plent ki te depoze kont li lè w rele Depatman reglemantasyon antrepriz ak kad Florid la nan 1-850-487-1395. Epi tou, asire w ke w bay yon rapò sou tout antreprenè ki pa gen pèmi pou yo fonksyone nan 1-866-532-1440 oswa ULA@myfloridalicense.com. Tout antreprenè lejitim dwe gen asirans. Mande pou prèv responsablite sivil ak kouvèti konpansasyon travayè, epi apre sa verifye l lè w rele Divizyon konpansasyon travayè nan 1-800-742-2214. Si yo pa kapab founi yon prèv, pa itilize sèvis yo epi fè yon rapò sou yo lè yo rele w nan menm nimewo sa a.

Pa kouri siyen yon kontra san reflechi. Pran yon estimasyon alekri nan men omwen twa konpayi konstriksyon, epi mefye antreprenè ki mande w peye tout travay la depi anvan an. Yon antreprenè pa kapab ajiste demann ou an avèk konpayi asirans ou a si l pa gen yon pèmi pou travay kòm ekspè asirans. Si l se yon ekspè asirans ak pèmi, li pa kapab ajiste demann nan epi fè travay reparasyon yo nan menm moman paske sa ta yon konfli entere, ki entèdi selon lalwa Florid yo. Si w fè yon peman inisyal, li pa dwe depase yon tyè nan pri total la. Peye SÈLMAN ak chèk oswa kat de kredi, epi pa janm peye montan total la tout tan w pa satisfè ak rezilta travay la.

NUMERO TELEFON ENPÒTAN

**Depatman sèvis finansye Florid,
Èd apre yon dezaz**
1-877-My-FL-CFO (1-877-693-5236)
oswa (850) 413-3089

**Ajans federal de jesyon dezaz
(FEMA)**
1-800-621-FEMA (1-800-621-3362)
TTY: 1-800-462-7585

**Pou verifye kouvèti / rapòte yon reklamasyon
Citizens Property Insurance Corporation**
1-866-411-2742

Lakwa wouj ameriken
1-800-RED-CROSS (1-800-733-2767)

Enfòmasyon ijans eta Florid la
1-800-342-3557

**Pou verifye lisans yon
antreprenè Depatman règleman
komèsyal ak pwofesyonèl Florid**
(850) 487-1395

**Depatman agrikilti ak sèvis
konsomatè Florid**
1-800-435-7352

**Liy asistans pou Depatman
asistans granmoun Florid**
1-800-963-5337

**Liy pou rapòte yon fwòd,
Depatman sèvis finansye Florid**
1-800-378-0445

**DISASTER
ASSISTANCE
INSURANCE
HELPLINE**



1-877-MY-FL-CFO
(1-877-693-5236)
Soti nan eta a: (850) 413-3089

ENFÒMASYON ENPÒTAN:

Konpayi asirans pwopriyetè a

Nimewo politik pwopriyetè a

Nimewo telefon demann pwopriyetè a

Konpayi asirans machinn nan

Nimewo politik machinn nan

Nimewo telefon mobil reklamasyon

FREQUENTLY ASKED DISASTER ASSISTANCE QUESTIONS

K. Kisa m dwe fè si pwopriyete m domaje?

R. Kontakte konpayi asirans ou an. Pou yon nimewo telefòn kontak, rele Depatman sèvis finansye (DFS) nan 1-877-MY-FL-CFO oswa (850) 413-3089.

K. Kisa m dwe fè si ekspè konpayi asirans mwen an ta apwoche m?

R. Mande pou w ka wè lisans ekspè yo a ke Depatman sèvis finansye yo te bay li, oswa yon prèv ke moun sa a reprezante konpayi asirans ou an si l poko resevwa lisans li a an kòm ekspè asirans. Tout ekspè yo dwe gen lisans, ni ekspè dijans konpayi asirans lan gen dwa mennen sòti nan lòt eta. Ekspè konpayi yo p ap mande w siyen yon kontra pou sèvis oswa peye yon fre pou ajiste demann ou an. Pou verifye yon lisans, rele nan 1-877-MY-FL-CFO oswa (850) 413-3089.

K. Kiyès Ekspè asirans piblik yo ye?

R. Si yon ekspè mande w siyen yon kontra epi peye yon fre pou ajiste demann ou an, gen chans ke se yon ekspè asirans ki te apwoche w. Yon ekspè asirans dwe pote yon lisans DFS, epi l pa sipoze reprezante ni travay ak konpayi asirans ou an. Mande pou wè lisans ekspè asirans piblik la, ke w gen dwa konpare ak pyès idantite leta a bay yo (tankou yon pèmi kondwi). Pou yo ka reprezante w, ekspè asirans piblik yo pral ajiste demann ou an epi prezante l bay konpayi asirans ou an.

Si w sispèk yon ekspè oswa antreprenè ki pa gen lisans te kontakte w, souple konsève nenpòt kat biznis ak lòt enfòmasyon epi ekri yon deskripsyon fizik moun nan. Anplis sa, eseye anrejistre yon deskripsyon machin yo ak nimewo plak lisans lan. Enfòmasyon sa yo pral ede otorite yo lè y ap cache moun ki pa gen lisans yo.

Pou plis enfòmasyon, vizite:

<http://www.MyFloridaCFO.com/Division/Consumers>

Enpòtan : Enfòmasyon sou ekspè asirans piblik

Ekspè asirans piblik yo gen dwa solisite travay sèlman lendi pou samdi de 8h00 a 20h00. Pou demann inisyal yo ki gen rapò ak yon dezaz ki fè Gouvènè a deklare yon eta dijans, fre ekspè asirans piblik ka mande yo limite a 10 pousan peman demann nan pandan ennan apre deklarasyon eta dijans lan, epi apre sa limit fre a se 20 pousan.

Ekspè asirans piblik yo pa ka egzije fre pou peman reklamasyon yo te ba w anvan dat yo te siyen kontra avè w pou, oswa pou yon sèvis ke yo pa t founi pou w.

Yon moun ki gen asirans oswa yon demandè kapab anile yon kontra avèk yon ekspè asirans piblik pa plis pase twa jou ouvrab apre l fin egzekite oswa pa plis pase twa jou apre dat kote moun ki gen asirans lan oswa demandè a te mete konpayi asirans lan okouran konsènan reklamasyon an, nenpòt sa ki rive apre, san penalite. Nenpòt kontra ki fèt ak yon ekspè asirans piblik mwenske ennan apre deklarasyon yon eta dijans kapab anile sou senk jou san penalite. Nan toulede ka yo, avi anilasyon an dwe ale jwenn ekspè asirans piblik la pa mwayen lapòs sètifye, avèk demann konfimasyon resepsyon an oswa yon lòt fòm ekspedisyon, ki founi prèv nesèsè a.

Lè w anboche yon ekspè asirans piblik, sa pa garanti yon peman reklamasyon ki pi gran ni yon reglèman ki pi rapid. Lè w siyen yon kontra ak yon ekspè asirans piblik, sa bay konpayi asirans lan yon obligasyon jiridik pou yo ajoute ekspè asirans piblik la kòm yon respityan adisyonèl sou chèk reklamasyon an.

Si w sispèk yon ekspè ap travay san lisans, si yo ba w presyon pou w fè yon reklamasyon ki pi elve pase nivo domaj reyèl la, oswa si w sispèk yon lòt tip fwòd, rele 1-877-MY-FL-CFO oswa (850) 413-3089.